



## Narration for The Story of Cholera

Sa a se istwa sou jan kolera te chanje zòn mwen an.

Yon bann kras mikwòb kolera simen nan rivyè a. Yo tèlman piti, ou pa ka wè yo; men, yo se yon gwo danje.

Medam yo pote kolera lakay yo nan dlo a san yo pa konnen.

Mouch pot kolera nan pat yo. Men ki pa lave fè kolera a gaye tou.

Nou vale mikwòb kolera a nan dlo nou bwè ... sou manjen' ak sou dwèt nou.

Tout bagay te pase byen vit. Papa m te leve byen mal.

Li te gen yon dyare ki sanble ak yon dlo diri k ap tonbe sou li. Se pa ti pè mwen te pè.

M'te al mande moun ede m'...

Se premye fwa m' kouri konsa!

Enfimyè a te annik gade papa m', li te wè l' te gen kolera. Li te bezwen likid tou swit. Li pat gen sewòm oral, donk nou te oblige fè yon bwason spesyal pou li.

Nou te trete dlo a anvan – nou te koule l' nan yon twal epi nou te bouyi l' pandan yon minit.

Apresa nou te melanje demi ti kiyè sèl ak 6 ti kiyè sik nan yon lit dlo trete. Li te gen gou dlo je - men li pa te twò sale.

Mwen te pè pou papa m' pa t' mouri devan je m'. Men li te vin kòmanse gen yon ti fòs. Enfimyè a te di m' se pa tout moun ki vale mikwòb kolera a ki tonbe malad tankou papa m', men yo ka toujou simaye maladi a.

M' bezwen pote dlo pwòp nan zòn mwen an epi montre moun yo kijan pou yo pwoteje tèt yo kont kolera.

Mwen te wè yon ti fi ki t'ap pote dlo. Mwen di li ta ka trete dlo a si l' mete gout klowòks ladan l' epi tann 30 minit.



## Narration for The Story of Cholera

Gen yon mesye ki ta pral manje san l' pa lave men l'. M'di l' pou l' toujou lave men l' ak savon epi ak dlo pwòp lè l'' sot nan twalèt. Se sèlman lè l manje ak men l' pwòp ke p'ap gen danje.

M'te wè peyizan yo ap met kolera nan rivyè nou an. M'di yo fòk nou fouye twou latrin byen lwen rivyè a, omwen yon distans 30 mèt. Sa a te enpòtan pou zòn nou an ret pwòp.

M'te wè yon manman ap fè manje nan move kondisyon. M'di l': nou dwe lave men l' ak savon epi ak dlo pwòp anvan, apresa lave manje a epi kale l'. Kwit li epi toujou manje l' tou cho ... Kouvri l' pou mouch pa al ladan l'.

M'lage pawòl la nan tout zòn mwen an epi m' tounen al jwenn papa m'. M'te byen kontan wè l' te vin miyò.

Zòn nou an te vin anfòm. Kounye a nou filtre dlo nou epi nou bouyi l' pou l' ka pwòp. Nou toujou itilize latrin, epi n' TOUJOU lave men n' apresa.

Pa gen mouch sou manje n' ... nou lave l', nou kale l', nou kwit li.

Epi nou TOUJOU lave men n' anvan n' fè manje ak anvan n' manje.

Nou pwoteje zòn nou an kont kolera. Fè pawòl la gaye. Zòn pa'w la ka anfòm tou.